

Yon prensip jesyon Kosiyen, (Siyen ak moun)



“Se yon move jijman pou siyen kontra lòt moun, pou vin responsab dèt li.” Pwovèb 17:18

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Sa kapab sanble difisil pou konprann kòm yon kretyen ki genyen bon santiman genere, paske nou te aprann pou nou ede moun ki nan bezwen. Li espesyalman pi difisil lè se frè ak sè kretyen nou k ap mande nou sèvis paske tout kretyen konsekan vle reponn lè frè yo nan bezwen. Sepandan, genyen anpil bagay pou konsidere anva kosiyen dèt yon lòt moun:

1. Eske moun sa gen repitasyon moun ki gen prensip, ki onèt epi ki gen bon karaktè?
2. Eske sa moun sa vle a se yon nesosite oswa senpleman yon dezi?
3. Eske moun sa a ap viv selon mwayen li?
4. Poukisa fanmi moun sa a pa reponn pou li?

Bank ak enstitisyon ki prete moun lajan la pou moun ki gen bezwen, se biznis pa yo. Si bank oswa lafanmi pa reponn, kapab genyen yon bon rezon pou nou pa angaje non pli. Si moun sa a p at jere zafè li ak sajès poukisa pou nou t a sipòte zak li sa epi achte pwoblèm li? Di « non » kapab ede moun sa a. Bank yo la pou prete moun lajan. Si yon moun p a genyen ase kredi (konfyans) pou li jwenn yon pre, se siman yon move jijman pou kosiyen ak li.

Plan Bondye se pou lafanmi reyini

pou pran responsabilite pou manm li anpremye. Yo la pou dirije epi disiplin yo pou konble bezwen yo—pa sa yo vle oswa dezi yo genyen. Labank ousinon pre pèsònèl pa dwe janm la pou satisfè dezi, yo dwe la sèlman lè salè pa rive kouvri obligasyon. Si nou vle zanmi n rete zanmi nou, pa siyen pou yo. Kapab genyen kèk eksepsyon, sepandan ou va pran yon risk.

Pa kosiyen yon kontra dèt se pa sèlman yon prensip wayòm Bondye men tou sa pwouve anpil fwa se bon jijman swivan yon pwendvi pratik epi pou relasyon nou tou. Anpil fwa moun ki kosiyen an se limenm ki alafen vin peye dèt la epi zanmi a santi l mal, li vin wont tèt li epi li disparèt. Kosiyen dèt yon lòt moun se yon bagay ki vyole anpil prensip bonsans .

Premyèman, nou dwe responsab pwòp dèt pa nou ; nan anpil ka, moun k ap mande kosiyati a p at de bònfw a oswa l p at pran respon-

sabilite l devan bank la, fanmioswa konsèy nanmen lòt moun; otreman li pa t a nan sitisasyon sa a. Lè nou pa fè bonlizaj oswa jere zafè nou byen, “Bondye va pran nan men sa k pa genyen epi l va bay yon lòt ki genyen ” (Matye 25:29). Se te pawòl Jezi li menm paske li te konnen kijan lwa biznis fonksyone.

Si nou vreman krè nan frè nou ki genyen pwoblèm, nou kapab jenerere epi montre bònfw a tou pandan nou va bali lajan kòm kado, san nou pa mande l remèt. Si w fè sa, asire ke w bali konsèy pou ede l sòti nan sitiyasyon an, ousinon w va ede li anven. Sa kapab bati bonjan lamitye ki va dire, olye w va genyen pou peye dèt yo epi pèdi zanmi w alafen.

Prensip sa fè pati pwogram yon lane devlopman karaktè:

Fondasyon pou Sikse.

Panse pou medite:

Kosiyen se tankou peye yon moun san w pa bali travay. Sa fini nan desepsyon.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Komplete

Pa komplete